

## Nararonse urukingo gwa COVID-19. N'iki gikurikira?

### BITWARA IGIHE KINGANA GUTE KUGIRANGO URUKINGO RUKORE?

Inkingo zose uko arizitatu ziragukingira umaze kuziteza, harimwo na doze yambere. Uharugwa ko wacandagishijwe kuri COVID-19 mugihe haheze indwi zibiri witeje urukingo gwakabiri gwa Pfizer-BioNTech canke urukingo gwa Moderna canke indwi zibiri ziheze umaze kuronka doze imwe ya Johnson & Johnson.



### KUKI NKENEYE KUGARUKA GUFATA DOZE YAKABIRI?

FDA-yaremeje urukingo gwa Pfizer-BioNTech na Moderna zisaba doze zibiri kugirango zishikire urugero gw'abasoda gukomera.

2X

### NDASHOBORA GUTEMBERERA UMUGYANGO N'ABAGENZI?

Mugihe urukingo rutaratanga abasoda bakwiye 100%, inkingo ziboneka za COVID-19 zirafise ubushobozi. Musi y'ibisabwa na CDC, abamaze gucandagwa ijana kw'ijana barashobora gutembereranira mumazu batambaye ubufukamunwa canke kubana kure nakure. Urashobora kandi gutemberera uwutaracandagwa ari nk'umwe kandi atari uwusanzwe afise ubugwayi bushobo gutuma aronka COVID-19 ubugwayi utambaye agafukamunwa canke kubana kure na kure. Abamaze gucandagwa ijana kw'ijana basabwa gukomeza bagavye mugihe batembereye abataracandagwa basanzwe bafise ubugwa bwotuma baronka COVID-19 kandi mugihe batembereye ubataracandagwa mumazu atandukanye.



### MBESE NDASABWA KWAMBARA AGAFUKAMUNWA HAMWE NOGUHANA IMETERO ZITANDATU AHARI ABANTU?

Ego. Mugihe abantu benshi barindiriyeye kuronka urukingo, n'ivy'akamaro kwambara agafukamunwa kandi noguhanahana imetero zitandatu mukwirinda kwanduzanya. Abajewe ivy'ubuvuzi basaba ko ibice 70-85% bakeneye kwicandagisha kugirango birinde kwanduzanya.



### URUKINGO RUMARA IGIHE KINGANA GUTE?

Abigiye ivy'ubuvuzi bariko bakurikiranira hafi ivy'abasoda bomumubiri mubantu bamaze gucandagwa kugirango bamenye ikiringo urukingo rumara mumubiri.

